

Kòman pou Aplike pou Èd Finansye Federal & Eta nan New Jersey nan **Sèlman 5 Etap**



Lè li tan pou aplike pou èd finansye, sèl sa w bezwen fè se swiv senk etap sa yo pou ranpli aplikasyon w.

ETAP

1

Jwenn Enfòmasyon ak Asistans Ou Bezwen

Si w bezwen èd ak pwosesis èd finansye a, chèche asistans gratis nan men konseye oryantasyon lekòl segondè w, ofisye èd finansye inivèsite w, oswa **HESAA** nan 609-584-4480. Asire w satisfè tout dat limit ki aplikab pou Eta a, ke w ap jwenn sou hesaa.org/pages/stateapplicationdeadlines.aspx, pou yo konsidere w pou èd finansye nan New Jersey.

ETAP

2

Kreye yon Kont StudentAid.gov

Si w elijib pou aplike pou Aplikasyon Gratis la pou Èd Etidyan Federal la (Free Application for Federal Student Aid - FAFSA)*, ou menm ak nenpòt moun k ap kontribye, si sa aplikab, dwe kreye pwòp Kont StudentAid.gov endividyèl pa nou (yo rele sa yo ID FSA tou). Kont StudentAid.gov sila a pral sèvi kòm siyati elektwonik ou sou FAFSA a. Ale sou studentaid.gov/fsa-id pou kreye non itilizatè w ak modpas ou, ki pral sèvi pou w aksede FAFSA a yon fwa w pare pou w kòmanse aplikasyon an.

ETAP

3

Ranpli Aplikasyon W

Kòmanse FAFSA w lè w ale sou studentaid.gov epi konekte sou Kont StudentAid.gov ou a. Yon fwa w fin ranpli seksyon etidyan an nan aplikasyon an, envite kèlkeswa moun k ap kontribye si sa aplikab, tankou yon konjwen w, yon paran w, yon boparan w, oswa yon paran adoptif ou, pou li ranpli seksyon moun k ap kontribye a nan FAFSA a. **Asire w SIYEN epi SOUMÈT** seksyon pa w nan FAFSA a anvan moun k ap kontribye a (yo) kòmanse.

ETAP

4

Kreye yon Kont NJFAMS

Aprè yo fin trete FAFSA w, HESAA/NJFAMS (Sistèm Jesyon Èd Finansye New Jersey) pral voye yon imèl ba w ak yon lyen pou w ale sou njfams.hesaa.org/NJFAMS/StudentRegisterForLogin.aspx pou kreye yon kont. Yon fwa w fin kreye yon Non Itilizatè ak modpas, w ap kapab gade 'Lis Bagay Pou Fè' ou a ak enfòmasyon 'Pri ak Elijibilite' ou andedan pòtal NJFAMS la.

ETAP

5

Soumèt Koreksyon epi Verifye Repons Ou Yo selon Bezwen

Yon fwa w fin soumèt aplikasyon w, tcheke Rezime Soumisyon FAFSA a (FSS) sou sitwèb studentaid.gov la pou wè si w bezwen fè nenpòt koreksyon sou FAFSA w. Nan menm ribrik sa, tcheke 'Lis Bagay Pou Fè' ou a nan NJFAMS pou wè si HESAA mande nenpòt enfòmasyon oswa dokiman anplis pou yo trete elijibilite w pou èd Eta a. Yon fwa yo fin verifye tout enfòmasyon w yo, w ap ka wè elijibilite w pou èd finansye federal ak elijibilite w pou èd finansye Eta a sou sit respektif sa yo.

Remak: Inivèsite yo kite nouvo etidyan yo konnen konbyen èd enstitisyonèl yo elijib pou yo resevwa atravè lèt pri. Etidyan inivèsite k ap retounen kapab wè elijibilite yo pou èd enstitisyonèl yo nan pòtal èd finansye inivèsite yo a.

* Si w pa elijib pou aplike pou èd federal atravè FAFSA a, gade pou wè si w satisfè kritè yo pou w aplike pou èd finansye Eta a, ale sou hesaa.org/Pages/NJAlternativeApplication.aspx. Si w satisfè kritè nesèsè yo, kreye yon kont NJFAMS epi aplike pou èd finansye Eta pa ranpli Aplikasyon Èd Finansye New Jersey Altènativ la pito.



Ale sou www.hesaa.org oswa skane Kòd QR a pou plis enfòmasyon sou aplike pou èd.